Circassian National Assembly (CNA)
Адыгэ Лъэпкъ Хасэ (АЛъХ)
Çerkes Ulusal Meclisi (ÇUM)

## БЛЭКІЫГЪЭМРЭ КЪЭКІОТЫМРЭ ЗЭЗЫПХ ЛЪЭМЫДЖ:

# ІУЗУНТАРЛА АДЫГЭ МУЗЕЙ




**Зы Шэнхабзэ - Зы Псэ - Зы Лъэпкъыщхьэ**

Адыгэ Хэкор, 1864 гъэм майм и 21-м колонизатор Урыс пачъыхьагъом цІыф зэтеукІэшходжэ зыІэригъэхьагъэ нэужьым псаоу къелыгъэ тилъэпкъэгъухэм яджэнэт хэкор ярагъэбгынэри дунаем ичІыпІэ зэфэшъхьафхэм афыгъагъэх. Мыщ къыхэкІэу къэралыгъо шъэныкъом щызэбгырыдзыгъэу къызэтенэн фае хъугъэ Адыгэ лъэпкъым, кІуачІэшхо ырахьылІэзэ яшэнхабзэр-якультурэр аухъумагъ.

**2026 гъэ, майм и 9**; Адыгэ шэнхабзэм иблэкІыгъэмрэ икІэкІонымрэ языфаку дэлъ тарихъым хиубытэшт зы лъэмыджышхор зэрагъэпсыгъэм имафэ лъапІ. Тыркум ишэнхабзэ байм ешъхьыныгъэ зимыІэ зы хэлъхьаныгъэ фэхъугъэ **Іузунтарла Адыгэ Музей**м, лъэпкъ гукъэкІыжьхэр къэкІощт зэманхэм нэгъэсынымкІэ мэхьанэшхо иІ. Дунаепсом щекІокІ стандартхэм тетэу ягъэпсыгъэ мы къэралыгъо музейр, илъэсишъэхэр зиныбдж шэнхабзэ ыкІи ІэшІагъэ пкъыгъохэм ядэІэпыІэныгъэкІэ Адыгагъэр дунаем къыфэзыІуатэрэ зы шэнхабзэ пытапІ.

Кавказым къикІэу Анадолым къахьыгъэ шэнхабзэ баиныгъэр кІаблэхэм зэлъагъэІэсынкІэ мэхьанэшхо зиІэ зы Іофыгъо зыфэзыгъэуцугъэ Музейр къызэІуахынымкІэ Іоф зыгъэцэкІагъэ Министерствэм ыкІи Къалэ тхьаматэхэм, дэІэпыІэгъу хъугъэ лэжьакІохэмрэ цІыфхэмрэ шІушІэшхо афэтэшІы.

Адыгэ лъэпкъым ифитыныгъэмрэ инапэмрэ хъумэн, тишэнхабзэмрэ тилъэпкъышъхьэмкІэ дунае лъэпкъхэм языфакум щытиІэ лъытэныгъэр ыкІэрыкІэу къызІэрыдгъэхьажын папкІэ дунаем щызекІо юридическэ ыкІи цІыф фитыныгъэм тетэу лэжьыгъэ езыгъэкІокІ **CNA**-р, пэрыт къалэныр зыгъэцэкІагъэ Іузунтарла Адыгэ Музейр дунаепсом шягъэшІэн ыкІи шІэныгъэ лэжьыгъэхэр трашІахьын папкІэ Іоф зэдэшІэным фэхьазыр.

Орэпсэу Адыгэ Шэнхабзэр! Орэпсэу Адыгэ Лъэпкъэр! Орэпсэу Адыгэ Хэкор!

**CNA | Circassian National Assembly | Адыгэ Лъэпкъ Хасэ | Çerkes Ulusal Meclisi**